

# Kijan pou rete an sekirite pandan yon blakawout

## Kijan pou w asire manje w lan san danje pou manje lè gen pan elektrisite

### MANJE KI NAN REFRIJERATÈ AK NAN FRIZÈ W LAN GENDWA PA BON POU MANJE SI:

- Elektrisite a pa mache pandan 4 èdtan oswa plis.
- Tanperati anedan refrijeratè w rive oswa depase 45°F / 7°C pandan plis pase 2 èdtan.

### KENBE PÒT REFRIJERATÈ AK FRIZÈ A FÈMEN

- Kenbe pòt refrijeratè/frizè w lan fèmen pandan yon blakawout pou anedan an kapab rete fre pi lontan.
- **Manje ki refrijere** p ap kontinye bon pandan plis pase 4 èdtan.
- **Yon frizè ki ranpli ak manje sirjele** reprezante yon danje ladann apre 48 èdtan.
- **Yon frizè ki mwatye plena k manje sirjele** reprezante yon danje apre 24 èdtan.


### NETWAYE REFRIJERATÈ AK FRIZÈ W APRE YON BLAKAWOUT

- Lè elektrisite a tounen, netwaye refrijeratè ak frizè w ANVAN pou w mete lòt manje anndan yo.
- Lave tout anndan refrijeratè ak frizè a avèk savon e dlo tyèd. Apre sa, swiye anedan an ak yon solisyon dou ki yon melanj ½ kwiye tab dlo javèl nan yon galon dlo. Kenbe pòt refrijeratè ak frizè yo louvri pou lè deyò a vin seche yo.
- Depi yon sèch, fèmen pòt yo e kite anedan refrijeratè ak frizè a vin frèt anvan pou w ranpli yo ak manje.


Si w gen nenpòt kesyon osijè sekirite manje, **rele 2-1-1** oswa kontakte Depatman Pwogram Sante Piblik Pwoteksyon manje nan **(860) 509-7297** oswa ale nan **[www.ct.gov/dph/foodprotection](http://www.ct.gov/dph/foodprotection)**.

**W ap jwenn plis enfòmasyon itil sou lòt kote a**

**Pa kite tanperati a ogmante plis pase 45°F / 7°C**



**Tanperati manje a ki nan refrijeratè w pa gendwa depase 45°F / 7°C pou manje a pa gate.**



**Kenbe pòt refrijeratè ak frizè a fèmen!**

**Lè w gen dout, jete tout!**

**Pa manje manje ki pa sen.**

- Li gendwa fè w malad.
- Ou pa kapab di si manje a sen selon aparans oswa sant li.
- Lete tout manje ki pa sen.
- Menmsi ou kwit oswa rechofe manje a, sa pa vle di pa gen danje pou manje l.



# Kijan pou rete an sekirite pandan yon blakawout

## Jete manje sa yo si yo rete nan yon tanperati ki depase 45°F/ 7°C pandan plis pase 2 èdtan

### MANJE NAN REFRIJERATÈ OU DWE JETE:

- Vyann kri, volay, pwason ak fwidmè
- Vyann kwit, volay, pwason, fwidmè ak sibstiti vyann ki fèt ak soja oubyen nenpòt ki manje ki gen engredyan sa yo ladann
- Ton, krevèt, poulè, janbon oswa salad ze
- Sòs, stuffing oswa bouyon
- Tout vyann pou lench
- Hòtdòg, bekon, sosis, vyann seche
- Pizza
- Produi vyann anbwat ki deja louvri
- Casseroles, soup ak ragou
- Fwomaj rape ak fwomaj ki gen mwens grès
- Fwomaj pat mou tankou cottage, krèm, Monterey jack, ricotta, mozzarella, queso blanco, queso fresco
- Lèt, krèm, krèm ki si, babe (buttermilk), lèt evapore ki deja louvri, yogout, eggnog, lèt soja
- Manje likid pou tibebe ki deja louvri
- Bè (risk ki trè fèb)
- Ze nan kokiy, produi ki gen ze likid ladann, manje ki gen ze ladann, ze ki kwit, kich
- Krèm patisyè ak pouding
- Fwui ki koupe
- Ji fwi ki pasterize
- Fwi anbwat ki deja louvri
- Sòs pwason, sòs zwit (oyster)
- Sòs salad ki gen krèm ladann
- Pat pou biskwit, patisri ak kouki nan refrijeratè
- Pat, ri oswa pòm detè ki kwit
- Salad ki gen pat ladann
- Pat ki fre e ki pa kwit
- Cheesecake oswa nenpòt ki patisri ki gen krèm oswa krèm patisyè andedan oswa sou yo
- Leti ki vini tou koupe, deja lave ak anbale
- Legim ki kwit
- Tofou
- Ji legim yo deja louvri oswa ki pa pasterize

### MANJE KI NAN FRIZÈ OU DWE JETE

si yo de jle e yo rete nan tanperati 45°F/ 7°C pandan plis pase 2 èdtan:

- Vyann, volay, pwason ak fwidmè ki kri
- Rès vyann ki kwit, volay, pwason, fwidmè ak sibstiti vyann ki fèt ak soja oubyen nenpòt ki manje ki gen engredyan sa yo ladann
- Casseroles, soup, ragou
- Pwason, kristase, produi fwidmè ki pane
- Lèt
- Produi ki gen ze likid ladann
- Fwomaj ki gen po dous oswa mi-dous (fwomaj di tankou cheddar, Swis, pamezan, Romano, provolone gendwa rekonjle)
- Fwomaj rape
- Krèm alaglas ak yogout glase
- Ji fwi ki pa pasterize
- Ji legim
- Legim sirjele (ki anbale komèsyalman oswa ou anbale lakay ou)
- Gato, tat ak patisri ki gen krèm patisyè oswa fwomaj ladann
- Plat manje sirjele (ki anbale komèsyalman)
- Pizza ki sirjele
- Vyann pou tidejne (bekon, sosis)
- Manje ki deja tou pare (manje sirjele, sandwich ak goute)

## Lis sa yo PA gen ladann tout manje.

Si w pa konnen vreman si yon manje espesifik ki pa liste la a san danje, **jete li** oswa kontakte Depatman Sante Piblik Pwogram Pwoteksyon Manje pou kapab chèche konnen si ou gendwa kenbe li san pwoblèm!

**Rele nan (860) 509-7297, konpoze 2-1-1 oswa al gade nan [www.ct.gov/dph/foodprotection](http://www.ct.gov/dph/foodprotection).**

**W ap jwenn plis enfòmasyon itil sou lòt kote a** 